



Pou Piblikasyon Imedya: 18/07/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO REKOMANDE MOUN NEW YORK YO POU YO PREPARE POU  
CHALÈ EKSTRÈM PANDAN WIKENN SA A**

***Gwo tanperati ak plis imidite ta ka danjere pou popilasyon ki an danje yo, sa gen  
ladan granmoun aje yo ak timoun piti yo***

***Pak Eta ak Etablisman Pou Fè Lanaj yo pral Ofri Orè Pwolonje Pandan Wikenn  
nan***

***Sant Javis lan pral Ouvri Etablisman pou Abitan Vil New York yo ki Bezwen  
Estasyon Rafrechisman yo***

***Depatman Sèvis Piblik lan Aktive Pwogram Rediksyon Pi Gwo Chaj yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te egzòte moun New York yo atravè eta a pou yo pran prekosyon fas a kondisyon chalè danjere potansyèl ki ap rive yo ke yo prevwa pral kòmanse nan Vandredi 19 Jiyè epi dire jiska Lendi 22 Jiyè. Valè endèks chalè ki klase ant mwatye 90 yo a plis pase 100 degre yo posib pandan tout peryòd tan sa a. Sèvis Metewo Nasyonal la te deja bay Konsèy pou Chalè yo pou majorite konte ki deyè North Country yo epi yo ka atann yo a plis lòt ankò pandan semèn nan ap pase. Moun New York yo ka tire avantaj de etablisman pou fè lanaj yo nan pak eta yo ki gen orè pwolonje yo ak estasyon rafrechisman yo ki toupatou nan Eta a wikenn sa a. Pou abitan Vil New York yo ki bezwen yon estasyon rafrechisman, Sant Javits lan ap ouvri etablisman li yo soti 11 a.m. rive 8 p.m. nan Vandredi, Samdi ak Dimanch.

"Mwen egzòte moun New York yo pou yo pran nenpòt ak tout prekosyon ki nesèsè yo pandan wikenn sa a kont chalè ekstrèm yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pak eta yo ki gen etablisman pou fè lanaj yo pral ouvri pi devan, epi si ou pa gen lè kondisyon, gen estasyon rafrechisman piblik ki toupatou nan eta a. Asire ou ke ou pase wè vwazen yo epi limite aktivite ekstèn yo pou asire ke ou ak moun ou renmen yo ap rete an sekirite ak an sante pandan dire tanperati ekstrèm yo."

Peryòd tan cho sa a ap lakòz plis danje estrès tèmik ak maladi poutèt chalè. Moun ki siseptid a maladi ki lye ak chalè yo gen pami yo timoun piti yo, granmoun aje yo, sila yo ki ap fè egzèsis deyò yo, sila yo ki enplike nan travay ekstèn vigoure yo, ak sila yo ki gen maladi respiratwa tankou moun ki asmatik yo ta pran mezi ki nesèsè yo pou rete fre pandan ke tanperati yo ap monte.

Moun New York yo ta dwe siveye previzyon metewo lokal yo pou jwenn dènye enfòmasyon yo. Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt, avètisman, konsèy ak dènye previzyon metewo yo, vizite [sit entènèt](#) Sèvis Metewo Nasyonal la.

Depatman Sèvis Piblik nan Eta New York lan (New York State Department of Public Service) te aktive Pwogram Rediksyon Pi Gwo Chaj yo (Peak Load Reduction Program) pou tout ajans Eta New York yo jodi a ak demen ant orè 1:00 P.M. ak 6:00 P.M. An plis, Operatè Sistèm Endepandan New York lan (New York Independent System Operator, NYISO) te sispann tout travay sou liy transmisyon 115kv ak sa ki plis yo pou demen, Samdi ak Dimanch. Menm jan an, sèvis piblik Eta yo ap retounen mete sistèm yo nan nivo nòmal yo epi sispann nenpòt travay entèripsyon ki planifye yo pou asire kapasite elektrisite ki ase ki disponib pou reponn a nesosite kliyan yo. Konsèvasyon kliyan yo ak kominikasyon rediksyon volontè yo pral vin yon fokus tou. Finalman, Depatman an pral ap sipèvize kondisyon sistèm elektrik yo epi sipèvize entèvansyon sèvis piblik yo pou nenpòt kondisyon.

### **Etablisman pou Fè Lanaj ak Sant Rafrechisman yo nan Eta New York**

Gouvènè Cuomo te jodi a òdone Biwo Leta pou Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la (State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), pou yo elaji orè travay nan etablisman pou fè lanaj nan eta yo pandan vag chalè yo pou ede moun New York yo simonte chalè a. Orè pwolonje yo pral kòmanse nan Vandredi epi kontinye jiska Dimanch nan Pak Eta ke nou pral site la yo.

#### **Long Island**

Jones Beach  
Sunken Meadow  
Robert Moses  
Orient Beach  
Hecksher  
Wildwood  
Hither Hills  
Montauk Downs

#### **Vil New York**

Gantry Plaza - paten glisye adisyonèl

#### **Rejyon Kapital**

Saratoga Spa - Pisin Peerless ak Pisin Victoria  
Moreau Lake

#### **Mohawk Valley**

Delta Lake  
Pisin Mine Kill

#### **Hudson Valley**

Pisin Franklin D. Roosevelt  
Pisin Lak Rockland  
Pisin Bear Mountain  
Pisin High Tor  
Lak Welch  
Lak Tiorati  
Lak Taghkanic  
Minnewaska

## **Rejyon Santral**

Pak Eta Green Lakes

## **North Country**

Pisin Keewaydin

## **Finger Lakes**

Pisin Letchworth

Sampson

Lak Darien

Hamlin

## **Southern Tier**

Robert Treman

Taughannock Falls

## **Rejyon Lwès New York**

Pisin Fort Niagara

Beaver Island

Allegany - Plaj Quaker ak Plaj Red House

Long Point

Pou kapab jwenn detay ak yon lis konplè sou kote ak lokal pou moun al naje yo pou ka rafrechi tanpri vizite [www.parks.ny.gov](http://www.parks.ny.gov) epi seleksyone yon pak eta ki tou pre ou. Moun New York yo ta dwe rele alavans pliske move kondisyon metewo yo ka afekte orè pisin yo ak plaj yo.

Depatman Sante (Department of Health) Eta New York lan te kreye tou sou entènèt yon lis sant rafrechisman, kote moun ka ale pou ka rafrechi nan jou ki gen tanperati ekstrèm yo. Ou ka jwenn yon lis adrès ak nimewo telefòn sant rafrechisman yo ke depatman sante lokal ansanm ak biwo jesyon ijans yo nan chak rejyon yo te pibliye ki disponib [isit la](#).

## **Konsèy pou Chalè yo**

Gwo chalè se kòz prensipal ka lanmò ki asosye avèk chalè epi ki kapab evite, sitou pami granmoun aje yo. Dapre Sant federal pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a (Centers for Disease Control and Prevention), chalè lakòz plis pase 600 ka lanmò ki te kapab evite nan Etazini chak ane. Pou ede Nouyòke yo rete an sekirite pandan gwo chalè yo, Gouvènè an te ofri konsèy sa yo:

Moun ki dwe byen enfòmè:

- Se vye granmoun ak timoun piti ki pi afekte
- Moun ki gen pwoblèm pwa oswa alkòl yo
- Moun ki sou sèten medikaman oswa dwòg

Prepare Tèt Ou:

- Ralanti sou aktivite ak ekzèsis yo, sitou nan lè kote solèy la cho anpil ant 11 a.m. jiska 4 p.m.
- Ou dwe fè ekzèsis yo byen bonè nan maten ant 4 a.m. ak 7 a.m.
- Manje mwens pwoteyin epi plis fwi ak legim. Pwoteyin yo pwodwi epi ogmante metabolis chalè, ki koze ke ou pèdi dlo. Manje ti kantite manje, men bwè pi souvan. Pa manje bagay ki sale.
- Bwè omwen 2-4 vè dlo pa è lè gen gwo chalè, menmsi ou pa santi ou swaf. Pa bwè bwason ki gen alkòl oswa kafeyin.
- Si posib, pa rete nan solèy la, rete nan è-kondisyone. Solèy la chofe nwayo anndan kò ou, sa ki ka lakòz ou dezidrate. Si pa gen èkondisyone, rete nan etaj ki pi ba, pa rete nan solèy la, ouben ale nan yon batiman piblik ki gen èkondisyone
- Si ou oblije soti deyò, mete krèm solè ki gen yon wo nivo faktè pwoteksyon kont solèy (ki klase omwen 15 SPF) ak yon chapo pou pwoteje figi ak tèt ou. Lè ou deyò, mete rad ki laj, ki lejè epi ki gen koulè pal. Kouvri po ou otan ou kapab pou evite kout-solèy ak efè chofaj avanse solèy la sou kò ou.
- Pa janm kite timoun yo, bèt domestik, oswa moun ki gen bezwen swen espesyal yo nan yon machin oswa lòt veyikil ki estasyone pandan peryòd chalè ekstrèm nan sezon ete a. Tanperati ki anndan yon veyikil ki fèmèn kapab depase rapidman 140 degre Fahrenheit. Ekspozisyon nan tanperati ki wo konsa kapab touye ou nan kèk minit sèlman
- Fè yon efò pou voye je sou vwazen ou yo, sitou si yo se granmoun, si yo gen timoun piti ouben gen bezwen espesyal. Asire'w ke gen manje ak dlo sifizan pou bèt domestik yo.

### **Konnen Siy Maladi ki Lye ak Chalè yo**

Ekpozisyon ki pwolonje a chalè kapab danjere epi potansyèlman fatal. Rele 911 si ou menm oswa yon moun ke ou konnen montre siy oswa sentòm maladi ki lye ak chalè yo, ki gen pami yo:

- Tèt fèmal
- Etoudisman
- Kranp Miskilè yo
- Kè plen
- Vomisman

Wap jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou rete ansekirite pandan peryòd gwo chalè, klike [isit la](#).

### **Yo Egzòte Moun New York yo Konsève Elektrisite**

Lè nou pran mezi entelijan pou redwi itilizasyon enèji, patikilyèman pandan peryòd ki gen anpil demann yo, sa ap non sèlman ede redwi gwo chaj eta a yo, men tou sa pral ekonomize lajan kliyan yo lè elektrisite yo vin pi chè. Pou redwi itilizasyon enèji, an patikilye pandan peryòd kritik yo, yo ankouraje konsomatè yo pou yo pran kèk nan mezi konsèvasyon enèji ki gratis oubyen ki pa koute anpil lajan ki pral site la yo:

- Fèmèn rido yo, fenèt yo ak pòt nan kay ou an nan kote ki gen solèy yo pou redwi chalè solèy.

- Etenn aparèy èkondisyone yo, limyè yo ansanm ak lòt aparèy yo lè ou pa lakay ou epi itilize yon kwonòmèt pou limen aparèy è kondisyone a anviwon trant minit avan ou rive lakay ou. Itilize kab kouran avanse pou ka prensipalman “etenn” tout aparèy yo epi konsève enèji.
- Si wap achte yon aparèy èkondisyone, chèche yon modèl ki sètifye ENERGY STAR. Aparèy è kondisyone ENERGY STAR yo, itilize jiska 25 pousan mwens kouran ke yon modèl estanda.
- Vantilatè yo kapab fè ou santi chanm yo vin pi fre de senk a 10 degre, epi itilize 80 pousan mwens kouran ke yon aparèy è kondisyone.
- Mete aparèy èkondisyone la sou 78 degre oubyen pi wo pou w kapab fè ekonomi sou valè depans pou rafrechisman ou an.
- Mete aparèy èkondisyone an nan yon fenèt santral, olye nan yon fenèt ki nan kwen, pou pèmèt lè a sikile pi byen.
- Konsidere mete aparèy la nan direksyon nò, lès oubyen nan kote ki pi gen onb nan kay ou an. Aparèy èkondisyone ou an pral gen pou travay pi di epi itilize plis enèji si li ekspozè dirèkteman bay reyon solèy yo.
- Bouche espas ki otou aparèy èkondisyone yo ak kalfetraj pou evite lè fre yo soti.
- Netwaye vantilatè kondansatè yo ak woulo yo pou ka pèmèt aparèy èkondisyone w la kontinye mache yon fason efikas, epi verifye filtè a chak mwa epi ranplase li lè sa nesèsè.
- Itilize aparèy tankou machin a lave, a seche, machin pou lave veso, ak fou yo nan maten oubyen ta nan aswè. Sa pral ede tou redwi imidite ak chalè nan kay la.
- Itilize anpoul ki sètifye ENERGY STAR ki pa itilize anpil kouran, olye anpoul limyè enkandesan estanda yo, epi ou ka itilize 75 pousan mwens enèji.
- Prepare manje nan mikwo-onn lè sa posib. Mikwo-onn yo itilize anviwon 50 pousan mwens enèji ke fou nòmal yo.
- Seche rad yo sou liy pou seche rad yo. Si wap itilize yon machin a seche, raple w pou ou pwòpte filtè pelich machin a lave an chak fwa avan ou ranpli l.
- Rete atantif sou diferan fason w ap itilize dlo nan kay ou. Olye pou ou itilize 30 a 40 galon dlo pou ou benyen, enstale yon bouch douch dlo ki pa fè koule anpil dlo, ki itilize mwens ke 3 galon pa minit.
- Lè nou bese konfigirasyon tanperati yo nan machin pou lave rad ou yo epi rensè yo nan dlo frèt sa pral redwi itilizasyon enèji.

Gen konsèy adisyonèl sou jan pou konsève enèji ki disponib sou sit entènèt NYSERDA a [la a](#).

### **Sekirite pou Dlo**

Moun ki sou bato yo ta dwe asire yo ke yo pran prekosyon sekirite ki apwopriye lè y ap pwofite de pakèt opòtinite nan bato yo ke Eta New York gen pou ofri. Biwo Sèvis Marin Pak Eta a (State Parks Marine Services Bureau) ap ofri konsèy sekirite sa yo.

Yo ap raple plezansye yo pou yo pratike navigasyon bato lwazi nan fason sekirite ak responsab, ki gen ladan:

- Mete dispozitif flotezon pèsònèl nenpòt lè yo sou dlo. Lwa eta mande pou timoun yo ki anba laj 12 zan mete yon aparèy flotasyon pandan yo nan yon bato;

- Konplete yon kou sou sekirite notik;
- Ekipe ak enspekte bato yo nan fason apwopriye;
- Mentni yon vitès pridan;
- Evite melanje alkòl avèk navigasyon bato;
- Tcheke tanperati a anvan ou ale sou dlo pou w konnen si gen potansyèl pou tanpèt epi chècheabri sou rivaj yo toutswit si ou tande loraj.

Moun k ap pagaye kannòt, kayak yo ak moun ki kanpe sou planch a bra yo dwe konnen kapasite yo epi yo dwe pran prekosyon lè gen van vyolan ak van estab k ap kreye gwo vag yo, oswa lè gen kouran ki fò yo. Pagayè ki sou dlo kote ki genyen bato a motè yo dwe rete pwòch litoral la epi andeyò kanal prensipal yo.

Pou kapab jwenn plis enfòmasyon sou sekirite nan bato, ki enkli yon lis fòmasyon sou sekirite nan bato yo, ak divètisman marin nan Eta New York, klike [la a](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)